

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data, bisa diwincik jadi opat hal kacindekan ngeunaan kecap pancén dina karangan siswa kelas VIII-B SMP Negeri 12 Bandung.

Kahiji, kecap pancén anu kapaluruh tina 15 karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMPN 1 Bandung nyaéta ngawengku (1) kecap pancén salancar, (2) kecap pancén rundayan, (3) kecap pancén rajékan, (4) kecap pancén kantétan, (5) kecap pancén panambah, (6) kecap pancén panyambung, (7) kecap pancén pangantét, jeung (8) kecap pancén panyeluk.

Kadua, wangun kecap pancén anu kapaluruh tina 15 karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMPN 1 Bandung diwincik jadi opat bagian, nyaéta (1) kecap pancén salancar, (2) kecap pancén rundayan, (3) kecap pancén rajékan, jeung (4) kecap pancén kantétan. Kecap pancén salancar anu kapaluruh dina laporan kajadian siswa aya nu saengang, dua engang, tur tilu engang. Ari kecap pancén rundayan anu kapaluruh dina laporan kajadian siswa aya anu ngagunakeun rarangkén hareup, rarangkén tukang, tur rarangkén barung hareup jeung tukang. Tuluy kecap pancén rajékan anu kapaluruh dina laporan kajadian siswa nyaéta kecap rajékan dwimurni. Pamungkas, kecap pancén kantétan anu kapaluruh nyaéta kecap kantétan anu diwangun ku kecap pagawéan jeung kecap pangantét (KP + KPang), anu diwangun ku kecap pancén jeung kecap pancén (KPan + KPan), anu diwangun ku kecap pangantét jeung kecap barang (KPang + KB), anu diwangun ku kecap pangantét jeung kecap panyambung (KPang + Kpany), tur anu diwangun ku kecap sipat jeung kecap bilangan (KS + KBil).

Katilu, wanda kecap pancén anu kapaluruh dina 15 karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMPN 1 Bandung diwincik jadi opat bagian, nyaéta (1) kecap panganteb, (2) kecap panyambung, (3) kecap pangantét, jeung (4) kecap panyeluk. Wanda kecap panambah anu kapaluruh diwincik jadi genep bagian, nyaéta kecap panganteb, kecap panganteur, kecap panahap, kecap panangtu, kecap

panambah aspék, jeung kecap panambah modalitas. Ari wanda kecap panyambung anu kapaluruh diwincik jadi tilu bagian, nyaéta kecap panyambung satata (*koordinatif*), kecap panyambung sumélér (*subordinatif*), jeung kecap panyambung anteuran. Anapon wanda kecap pangantét anu kapaluruh diwincik jadi sapuluh bagian dumasar kana hartina, nyaéta miboga harti tempat ayana, arah tujuan, asal/awal, alat, pangbanding, panglaku, pangwates, tujuan, panyarta, jeung pangrandap. Sedengkeun wanda kecap panyeluk anu kapaluruh ngan aya hiji boh dina wujudna boh frékuénsina tur miboga harti bungah/gumbira.

5.2 Implikasi

Panalungitk miharep sangkan guru leuwih niténan kaparigelan basa siswa, hususna dina makéna kekecapan nalika nyieun karangan. Salila panalungtik nganalisis data panalungtikan, masih loba siswa anu kurang merenah dina ngagunakeun kecap, frasa, klausa, atawa kalimah nalika nyieun karangan. Ku dilaksanakeunna ieu panalungtikan, dipiharep aya lajuning laku ogé ti pihak anu miboga kawijakan, hususna dina widang kurikulum jeung bahan ajar. Dina pangajaran basa, utamana basa Sunda hadéna pikeun ka hareupna aya materi husus anu medar ngeunaan aspék-aspék kabasaan kalawan gemet. Ku kituna, siswa bisa leuwih ngaronjatkeun kualitas produkna dina nyusun karangan wangun tulisan.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi anu kudu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungitkan téh ngan ukur nalungtik ngeunaan kecap pancén, ku kituna perlu ditalungtik warna kecap séjén.
- b. Kecap pancén dina ieu panalungtikan ngan ukur dianalisis tina wacana tinulis karangan laporan kajadian wungkul. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kecap pancén tina data lisan, sangkan hasilna leuwih lengkep.
- c. Kecap pancén dina ieu panalungtikan ngan ukur disawang tina wangun jeung wandana. Ku kituna, dipiharep aya anu maluruh kecap pancén tina jihat anu liana, sangkan leuwih jero jeung leuwih lega ambahanana.

- d. Ieu panalungtikan téh ngan nyokot satengahna tina sakelas. Ku kituna dipiharep aya panalungtik séjén anu ngabandingkeun tina sakelas, dua kelas, atawa leuwih, sangkan hasilna leuwih euyeub tur jéntré.
- e. Dina ieu panalungtikan, teu dipedar ngeunaan kasalahan makéna kecap pancén. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan ngeunaan kasalahan makéna kecap pancén sangkan siswa leuwih hadé dina makéna kecap pancén nalika nyieun karangan.

Salila panalungtik nganalisis data panalungtikan, masih loba aspék kabasaan anu teu kapedar lantaran kawatesanan ku ambahan ieu panalungtikan anu ngan medar wangun jeung wanda kecap pancénna wingkul. Aspék kabasaan anu séjén, saperti éjahan, nulis aksara jeung kekecapan, sarta nulis tanda bacana. Ku kituna, perlu diayakeun deui panalungtikan séjén anu ambahanana leuwih loba.